

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi tina panalungtikan “Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral)”. Ieu di handap pedarana.

5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Novel *Sambang* karya Dian Héndrayana (Ulukan Struktural jeung Ajén Moral)” ngadéskripsikeun: 1) struktur carita novel, jeung 2) ajén moral dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana. Anapon tiori anu digunakeun nyaéta tiori Stanton ngeunaan struktur carita, jeung tiori Warnaén spk. ngeunaan ajén moral. Méthode anu dipaké nyaéta méthodé déskriptif sarta ngagunakeun pamarekan kualitatif anu téhnikna studi pustaka, analisis struktur, jeung analisis ajén moral.

Struktur carita novel nurutkeun Stanton ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma dina novel *Sambang* nyaéta sosial, sabab ti mimiti ieu novel nyaritakeun kuring jeung dulur-dulurna ngarumpul nungguan si Uwa ngadongéng, nepi ka si Uwa ngadongéngkeun kulawarga Pa Hérdi. Carita jeung pasualan-pasualan ngeunaan kulawarga ka asup kana téma sosial.

Fakta carita ngawengku galur, tokoh/palaku, jeung latar. Galur dina novel *Sambang* nyaéta mérélé/maju. Palaku dina novel *Sambang* aya 28 urang, opat urang palaku utama, jeung 24 palaku tambahan. Palaku utamana nyaéta Pa Hérdi, Bu Hérdi, Nazwa, jeung Ryan. Latar dina novel *Sambang* ngawengku latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat dina novel *Sambang* aya 26. Sacara gurat badagna latar tempat dina novel *Sambang* téh dibagi jadi opat nya éta di imah kuring, di Karawang, di perjalanan, jeung di Pangandaran. Latar waktu anu kapanggih dina novel *Sambang* aya tilu belas latar waktu. Dipasing-pasing jadi dua, nyaéta latar waktu anu kaasup titimangsa jeung latar waktu anu kaasup durasi (lilana). Latar sosial dina novel *Sambang* dumasar kana palaku utama, nyaéta asup kana status sosial *menengah* ka luhur. Lian ti éta Pa Hérdi sakulawarga kaasup kulawarga anu ta’at dina ngalaksanakeun ibadah. Kagambar sababaraha kali Pa Hérdi sakulawarga ngalaksanakeun salat berjamaah.

Sarana carita dina novel *Sambang* ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul novel *Sambang* dicokot tina eusi novelna. Aya kajadian sambang/kasambang/kabandang nu kagambar dina novelna. Puseur implengan dina novel *Sambang* ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji-lain palaku utama. Tokoh kuring aya di awal carita pikeun muka jeung nganteurkeun kana carita utama. Tokoh kuring aya deui di ahir carita pikeun mungkas jeung nutup carita. Gaya basa dina novel *Sambang* nya éta gaya basa mijalma, kadalon, rarahulan, jeung sirnaan.

Tina genep ajén moral nurutkeun Warnaén spk., ajén moral nu nyangkaruk dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana aya lima, nya éta: 1) moral manusa ka Gusti, kagambar tina paripolah Pa Hérdi sakulawarga taat dina ngalaksanakeun ibadah; 2) moral manusa ka dirina sorangan, kagambar nalika Pa Hérdi nu tanggung jawab pikeun kulawargana; 3) moral manusa ka manusa séjén, kagambar tina paripolah tukang és nalika nulungan Ryan; 4) moral manusa ka waktu, kagambar tina paripolah sababaraha palaku dina nedunan jangji-jangjina; jeung 5) moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah kagambar nalika Pa Hérdi nyumponan kahayang barudakna pikeun liburan ka Pangandaran.

Kacindekanana novel *Sambang* téh dina strukturna kawilang lengkep ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana carita. Dina novel *Sambang* ogé kapaluruh lima ajén moral, tina genep ajén moral nurutkeun Warnaén spk., jeung eusi carita novel *Sambang* téh aya patali jeung mahluk gaib.

5.2 Implikasi

Implikasi tina hasil panalungtikan anu medar ngeunaan struktur carita jeung ajén moral dina novel *Sambang* karya Dian Héndrayana nyaéta bisa méré pangaweruh ngeunaan struktur jeung ajén moral anu nyangkaruk dina karya sastra hususna dina novel. Di sagigireun éta, ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban kasusastraan Sunda, hususna dina wanda novel. Kitu deui eusi dina ieu panalungtikan ngeunaan ajén moral, kukituna bisa jadi pangdeudeul dina neuleuman ajén moral dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Rekoméndasi dina ieu panalungtikan ditujukeun pikeun sababaraha pihak, nyaéta ieu di handap.

- 1) Pikeun mahasiswa, bisa jadi bahan bacaeun sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan struktur jeung ajén moral dina novel ogé bisa jadi référénsi dina tugas kuliah.
- 2) Pikeun panalungtik satulyna, dipiharep bisa nalungtik ngeunaan ajén moral dina karya sastra kalayan leuwih teleb, rapih, jeung leuwih taliti deui, ogé dipiharep bisa ningkatkeun deui kualitas panalungtikanana, tina panalungtikan-panalungtikan saacanna.
- 3) Pikeun anu maca, dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, hususna ngeunaan ajén moralna. Sangkan dina hirup kumbuh di masarakat bisa leuwih aman.